

# GADE, POZE KESYON, FÈ!



Lakou  
Kajou

InnovEd  Institut Supérieur  
UniQ de Formation

BLUE BUTTERFLY   
COLLABORATIVE

## KI JAN POU OU UTILIZE KAT SA YO

Pake sa gen ladan li senk epizòd **Lakou Kajou**. An plis, li gen yon kat pou chak epizòd ki bay konsèy sou jan pou nou gade **Lakou Kajou** ! Gen sijesyon pou aktivite ou ka itilize pou angaje elèv yo epi ede yo aprann plis nan videyo yo. Pake a gen ladan li tout mo ki parèt nan senk epizòd **Lakou Kajou** yo. Epi li gen yon lis liv ki gen rapò ak tèms ki nan epizòd sa yo.

Chak epizòd nan **Lakou Kajou** baze sou yon sèl tèms.

An nou konsantre sou senk epizòd sa yo:

### **Egzèsis • Patrimwàn • Transpò • Dlo • Zouti**

Epizòd sa yo bay leson nan lekti, aritmetik, konpetans pèsonèl, ak yon seri de lòt objektif kourikoulòm.

Nou espere zouti sa yo ap itil nan aprantisaj elèv yo e ke ou menm ak elèv ou yo ap renmen **Lakou Kajou** !

Mwen se Zandolin, yon pèsonaj nan yon pwogram televizyon pou timoun. Avèk zanmi mwen yo, Tilou ak Lili, mwen ede timoun yo aprann.



# EPIZÒD: TRANSPÒ

MO JODI A: TRANSPÒ

## REZIME EPIZÒD LA



Tilou ak Lili kontan paske y ap patisipe nan yon kous. Zando ak Leyon ede yo konnen ki kalite machin transpò yo ta dwe itilize pou genyen kous la. Malgre te gen lòt opsyon, Lili ak Tilou decide fè yon kabwèt. Yo vin jwenn ke bati yon kabwèt pa si tèlman fasil jan sa ta ka sanble.



Yon jèn ti fi pran yon vòl avyon ak manman li pou premye fwa.



Gen yon taptap majik ki rele Emota. Emota chanje eksteryè li pou reflekte emosyon pasaje li yo. Lè Emota te wè yon pasaje li, Mirlene, te tris, Emota ede li konprann emosyon li.

## POZE ELÈV OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa ou te pi renmen ? Pou ki sa?
3. Èske Lili ak Tilou te aprann yon bagay jodi a?
4. Jodi a nou te wè yon ti fi pran avyon pou premye fwa? Nou panse li te renmen sa?

# FÈ AKTIVITE AK ELÈV OU YO:

## 1. Imajine yon mwayen transpò

Jwèt sa a amelyore imajinasyon elèv yo.

Etap 1: Divize elèv yo an gwoup kat oswa senk timoun. Chak gwoup kreye yon veyikil. Apre sa, elèv yo imajine yon pyès teyat avèk veyikil la.

Men kèk lide:

### i. Yon machin

De elèv chita nan devan an. Twa elèv chita dèyè yo. Moun ki nan plas chofè a ap gen yon volan. Moun ki nan plas pasaje ka navigatè ki bay chofè a ki wout pou li fè. Pasaje yo kapab fè bri tankou: "kavoum" pou estat machin nan, ak bri sikilasyon.

### ii. Yon avyon


Yon elèv kapab pilòt . De moun ka zèl yo (y ap ouvè bra yo). Lòt elèv yo ka pasaje yo.

### iii. Yon bato

Timoun yo fè sanblan yo sou yon kannòt sou dlo. Tout moun ap gen yon zaviwon epi y ap imite son dlo k ap koule bò kannòt la.

## 2. Desen fòm

Jwèt sa a ede elèv yo avèk kreyativite ak konpreyansyon sou fòm jewometrik. Mande elèv yo pou yo trase diferan machin avèk fòm jewometrik sèlman. Fòm yo se kare, rektang, triyang, oval, liy, elatriye.



Egzanp, sa yo se imaj avyon, ak vwalye ki fèt avèk fòm jewometrik sèlman. Sa yo ka fèt an trase oubyen ak fòm ki dekoupe. Aprè tout moun kreye imaj sa yo, chak elèv kapab pataje pa li ak klas la. Materyèl ki nesèsè: kreyon, kreyon koulè ak papye, oswa papye koulè ak sizo.

## 3. Jwèt Imajinasyon

Jwèt sa a ede elèv ou yo avèk kreyativite. Elèv yo trase veyikil diferan men yo imajine karakteristik espesyal veyikil la. Pa egzanp, elèv yo ka trase yon machin ki vole, oswa yon avyon ki ka flote oswa, yon soumaren ki tounen yon elikoptè. Konsa, elèv yo ka imajinen anpil posiblite pou transpò.

## 4. Jwèt Vwayaje:

Jwèt sa ede timoun avèk anpil modèl transpò pandan yo ap bati konesans alfabè a. Pou chak lèt nan alfabè a, panse a non yon moun ak yon fason pou vwayaje.

Pa egzanp,

**A:** Non mwen se Alex epi mwen mache nan peyi A.

**B:** Non mwen se Bruno epi mwen pran yon taptap nan peyi B.

Ou ka fè sa a pi difisil pou timoun ki pi gran. Ede yo idantifye yon kote vwayajè a ale.

Men kèk egzanp:

**A.** Non mwen se Aleks. Mwen ap mache nan Aken.

**B.** Non mwen se Brino. Mwen pran yon taptap nan Basen Ble